

## **BAB III**

### **MÉTODE PANALUNGTIKAN**


#### **3.1 Méthode Panalungtikan**

Méthode panalungtikan nyaéta minangka cara sangkan panalungtik bisa ngahontal kana tujuan anu ditalungtikna. Arikunto (2013, kc.3) nétélakeun méthode panalungtikan nyaéta cara nu digunakeun ku panalungtik dina ngumpulkeun data panalungtikan. Ieu panalungtikan ngagunakeun méthode déskriptif analisis nu mangrupa bagian tina méthode kualitatif . Nurutkeun Ratna (2012, kc. 53) méthode déskriptif analisis nyaéta méthode nu ngagambarkeun pikeun méré pamahaman ngeunaan fakta-fakta nu tuluy di analisis. Dina ieu panalungtikan, didéskripsikeun ngeunaan analisis ajén kaagamaan jeung struktural dina guguritan *MunggaH Haji* karya Yus Rusyana.

#### **3.2 Désain Panalungtikan**

Nurutkeun Arikunto (2013, kc. 22-23) désain panalungtikan nyaéta proses anu dirancang ku panalungtik pikeun ngajawab atawa ngajéntrekeun dina masalah-masalah panalungtikan. Désain panalungtikan miboga udagan nyaéta pikeun ngagambarkeun prosés dina ngalaksanakeun panalungtikan sangkan leuwih babari. Nurutkeun Arikunto (2013, kc. 31) léngkah-léngkah panalungtikan kabagi kana milah jeung milih masalah, studi pendahuluan, ngarumuskeun masalah, ngarumuskeun hipotésis, nangtukeun pamarekan, nangtukeun sumber data, nganalisis data jeung pamungkas nyieun kacindekan.

## Desain Panalungtikan



### 3.3 Téhnik Panalungtikan

#### 3.3.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta ngumpulkeun data. Dina ieu panalungtikan, *Guguritan Mungghah Haji* karya Yus Rusyana jumlahna aya 27 judul kalawan maké 12 rupa Pupuh. Anapon judul guguritan nu kapilih téh jumlahna 12 judul nya éta, “Pileuleuyan Tina Ati (Kinanti)”, “Kapal Ngaguruh Di Langit (Asmarandana)”, “Abdi Geus Napak Jajirah (Sinom)”, Labbéka Aduh Gusti (Magatru)”, “Tawap Cacap Tujuh Puntir (Danggdanggula)”, “Di Mekah Kuring Ngalantung (Pucung)”, “Di Mekah Tepung Silaturahmi (Mijil)”, Saréréa ka Arafah nya Ngajugjug (Pangkur)”, “Lampahna Nabi Ibrahim (Maskumambang)”, “Lalampahan di Jamarah (Durma)”, “Tampi baé Saé Awon (Wirangong)”, jeung “Lampah Jamaah Balanja (Balakbak)”.

#### 3.3.2 Téhnik Ngolah Data

Dina ieu panalungtikan, data diolah ngagunakeun téhnik analisis. Téhnik analisis data nyaéta cara nuliskeun hasil panalungtik dina wangun déskriptif. Ieu téhnik dipaké pikeun nganalisis data nu aya dina buku guguritan *Mungghah Haji* karya Yus Rusyana dumasar kana ajén kaagamaan konsép Anshari, jeung ulikan struktur lahir guguritan konsép Alton C. Morris sarta struktur batin guguritan konsép I.A Richard. Téhnik analisis data nu satuluyna dipedar dina wangun déskriptif, dipiharep bisa ngadéskripsikeun kalawan jéntré saluyu jeung ajén kaagamaan ogé unsur-unsur struktur lahir jeung batin nu nyangkaruk dina *Guguritan Mungghah Haji* karya Yus Rusyana.

### 3.4 Instrumén Panalungtikan

Instrumén mangrupa alat atawa fasilitas anu digunakeun ku panalungtik pikeun ngumpulkeun data, ngolah, jeung ngainterpretasi sagala informasi anu ditarima. Nurutkeun Arikunto (2013, kc. 150) instrumén panalungtikan nyaéta sakabéh alat nu dipaké pikeun ngumpulkeun data sangkan babari diolah. Instrumén dina ieu panalungtikan nya éta

a. Alat tulis jeung buku catetan

Alat tulis jeung buku catetan digunakeun pikeun nyatet hal-hal nu penting nalika analisis dina prosés panalungtikan.

b. Laptop

Laptop dipaké pikeun prosés analisis jeung maluruh data sangkan leuwih babari.

c. Handphone

Handphone dipaké pikeun néangan sumber référénsi saperti jurnal jeung ngaksés data séjénna.

d. Kartu Data

Kartu data nu dipaké nyaéta pikeun nyirian ajén kaagamaan jeung ulikan strukturalisme nu kapaluruh.

### 3.4.1 Instrumén Ngumpulkeun Data

Format kartu data anu dipaké pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nyaéta saperti kieu.

#### 1) Format Tabél Data Guguritan

**Tabél 3.1 Data Guguritan**

No.	Judul Guguritan	Kode Guguritan

#### 2) Format Tabél Struktur Lahir

**Tabél 3.2 Diksi dina *Guguritan MunggaH Haji***

No.	Kode Data	Diksi	Cutatan

**Tabél 3.3 Imaji dina *Guguritan MunggaH Haji***

No.	Kode Data	Imaji	Cutatan

**Tabél 3.4 Kecap Kongkrit dina *Guguritan Mungгах Haji***

No.	Kode Data	Kecap Kongkrit	Cutatan

**Tabél 3.5 Gaya Basa dina *Guguritan Mungгах Haji***

No.	Kode Data	Gaya Basa	Cutatan

**Tabél 3.6 Purwakanti dina *Guguritan Mungгах Haji***

No.	Kode Data	Purwakanti

### 3) Format Tabél Struktur Batin

**Tabél 3.7 Téma dina *Guguritan Mungгах Hajii***

No.	Kode Data	Téma	Cutatan

**Tabél 3.8 Rasa dina *Guguritan Mungгах Haji***

No.	Kode Data	Rasa	Cutatan

**Tabél 3.9 Nada dina *Guguritan Mungгах Haji***

No.	Kode Data	Nada	Cutatan

**Tabél 3.10 Amanat dina *Guguritan Mungгах Haji***

No.	Kode Data	Amanat

#### 4) Format Tabél Ajén Kaagamaan

**Tabél 3.11 Ajén Kaagamaan dina *Guguritan MunggaH Haji***

No.	Kode Data	Cutatan	Wanda

#### 3.4.2 Instrumén Ngolah Data

Format kartu data anu dipaké pikeun ngolah data dina ieu panalungtikan nyaéta saperti kieu.

##### **Kartu Data Analisis Struktur Lahir Guguritan**

<b>Analisis Struktur Lahir</b>
<b>Diksi</b>
<b>Judul: Pileuleuyan Tina Ati (<i>Kinanti</i>)</b>
Pauntuy <b>PTA/K/01/07</b>
Diksi nu dipaké dina guguritan nu judulna “Pileuleuyan Dina Ati ( <i>Kinanti</i> )” nyaéta kecap pauntuy. Kecap pauntuy atawa untuy nurutkeun Danadibrata (2015, kc. 728) antay-antayan bari leumpang ngaleut pairing-iring. Kecap pauntuy dina ieu guguritan dipaké pikeun ngagambarkeun panulis anu turun ti imah pauntuy jeung anakna sarta istrina. Kecap pauntuy ogé dipaké lantaran nurutkeun kana guru lagu jeung guru wilangan dina pupuh Kinanti padalisan kahiji anu tungtungna ‘u’.

<b>Analisis Struktur Lahir</b>
<b>Imaji</b>
<b>Judul: Kapal Ngaguruh Di Langit (<i>Asmarandana</i>)</b>
Poék (Imaji Panénjo/Visual) <b>KNDL/A/02/09</b>

Kecap ‘poék’ nya éta hiji kaayaan nu taya cahaya sahingga naon nu ditempo moal katingali.

#### Analisis Struktur Lahir

#### Kecap Kongkrit

#### Judul: Pileuleuyan Tina Ati (Kinanti)

Anak

Kecap ‘anak’ hnyaéta jelema asal ti indung jeung bapa anu sah. Titipan ti Gusti nu kudu dijaga, diurus, dipikanyaah.

#### Analisis Struktur Lahir

#### Gaya Basa

#### Judul: Baétullah Tobat Teuing (*Maskumambang*)

Indit ngabring **silih puntang** tengah peuting

**BTT/M/05/15**

Kecap silih puntang dina ieu guguritan, kaasup kana gaya mijalma. Lantaran kecap silih puntang hartina pakekel-cekel leungeun. Ieu kecap téh kaasup kana kecap pagawéan nu dipigawé ku jelema.

#### Analisis Struktur Lahir

#### Purwakanti

#### Judul: Bumi Ibadah Nu Buhun (*Kinanti*)

Kakasih Nabi Ismail

**BINB/K/06/16**

Dina ieu guguritan aya purwakanti nu dipaké nyaéta purwakanti maduswara atawa sasaruan sora vokalna. Katitén dina akalimah *kakasih nabi Ismail*, sora vokal anu sarua nyaéta i-i.

#### Kartu Data Analisis Struktur Batin Guguritan

#### Analisis Struktur Batin

<b>Téma</b>
<p style="text-align: center;"><b>Judul: Kapal Ngaguruh Di Langit (<i>Asmarandana</i>)</b></p> <p style="text-align: center;"><b>Masalah: <i>Jarah ka Mekah nedunan pituduh Rosul</i></b></p> <p>Kaasup téma kaagamaan lantaran eusi guguritanna nyaritakeun yén anjeunna jarak ka Mekah rék nedunan pituduh Rosul pikeun ngalaksanakeun ibadah haji.</p>

<b>Analisis Struktur Batin</b>
<b>Rasa</b>
<p style="text-align: center;"><b>Judul: Tawap Cacap Tujuh Puntir (<i>Dangdanggula</i>)</b></p> <p style="text-align: center;">Ngangres ngenes bingah ahéng (Rasa Kabungah)</p> <p style="text-align: center;"><b>TCTP/D/07/18</b></p> <p>Kalimah “ngangres ngenes bingah ahéng” ngabaluarkeun pamaca ngarasa bungah kana lantaran geus nepi di baétullah ngalaksanakeun tawap anu tujuh puntir.</p>

<b>Analisis Struktur Batin</b>
<b>Nada</b>
<p style="text-align: center;"><b>Judul: Di Mekah Tepung Silaturahmi (<i>Mijil</i>)</b></p> <p style="text-align: center;">Tutas solat ngagabrug jeung ceurik, nyaah campur sedih (Nada Kasedih)</p> <p style="text-align: center;"><b>DMTS/MIJ/14/39</b></p> <p>Nada kasedih katitén dina guguritan diluhur, silih ngajagaan nalika solat nu matak nyebabkeun aya nada kasedih dina diri anjeunna.</p>

<b>Analisis Struktur Batin</b>
<b>Amanat</b>
<p style="text-align: center;"><b>Judul: Saréréa Ka Arafah Nya Ngajugjug (<i>Pangkur</i>)</b></p> <p style="text-align: center;"><b>SKANN/P/15/42</b></p> <p>Amanat dina judul guguritan ieu nyaéta teuaya deui nu di sembah iwal ti Gusti Alloh nu maha Agung.</p>



### Kartu Data Analisis Ajén Kaagamaan

Cutatan: *Satemenna sagala puji linuhung  
katut kaagungan pasti  
éta kanggo anjeun wungkul  
nu kawasa nyakrawati  
taya sasama sailon*

Kode data: LAG/MAG/04/13

Wanda: Akidah

Data kalimah, ungkara nu mibanda ajén kaagamaan dina guguritan Mungghah Haji. Kode data nu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta “LAG/MAG/04/13”, hartina judul guguritan Labbaéka Aduh Gusti/Pupuh Magatru/guguritan ka- /kaca ka-.

### 3.5 Data Jeung Sumber Data

#### 3.5.1 Data

Data nya éta sakabéh informasi tina hasil panalungtikan. Dina ieu panalungtikan, nu disebut data téh nya éta struktur lahir jeung batin sarta ajén kaagamaan nu nyangkaruk dina buku guguritan *Mungghah Haji* karya Yus Rusyana. Data struktur lahir ngawengku diksi, imaji, kecap kongkrit, gaya basa jeung purwakanti. Data struktur batinna ngawengku téma, rasa, nada, jeung amanat. Sarta data ajén kaagamaan nu ngawengku akidah, ahlak, jeung syari’ah.

**Tabel 3. 12**

Data *Guguritan Mungghah Haji* karya Yus Rusyana

No.	Judul Guguritan	Kode Guguritan (1)/(2)/(3)	Keterangan
1.	Pileuleuyan tina Ati ( <i>Kinanti</i> )	PTA/K/01/07	Dianalisis

2.	Kapal Ngaguruh di Langit ( <i>Asmarandana</i> )	KNDL/A/02/09	Dianalisis
3.	Abdi Geus Napak Jariah ( <i>Sinom</i> )	AGNJ/S/03/11	Dianalisis
4.	Labbéka Aduh Gusti ( <i>Magatru</i> )	LAG/M/04/13	Dianalisis
5.	Baétullah Tobat Teuing ( <i>Maskumambang</i> )	BTT/M/05/15	Teu Dianalisis
6.	Bumi Ibadah nu Buhun ( <i>Kinanti</i> )	BINB/K/06/16	Teu Dianalisis
7.	Tawap Cacap Tujuh Puntir ( <i>Dangdanggula</i> )	TCTP/D/07/18	Dianalisis
8.	Dumeuheus Madep Multazam ( <i>Sinom</i> )	DMM/S/08/21	Teu Dianalisis
9.	Makom Ibrahim Katelah ( <i>Asmarandana</i> )	MIK/A/09/23	Teu Dianalisis
10.	Nimat Teuing Cai Jamjam ( <i>Sinom</i> )	NTCJ/S/10/28	Teu Dianalisis
11.	Antara Safa jeung Marwah ( <i>Kinanti</i> )	ASJM/K/11/30	Teu Dianalisis
12.	Di Mekah Kuring Ngalantung ( <i>Pucung</i> )	DMKN/P/12/32	Dianalisis
13.	Di Masjidil Haram ( <i>Dangdanggula</i> )	DMH/D/13/35	Teu Dianalisis
14.	Di Mekah Tepung Silaturahmi ( <i>Mijil</i> )	DMTS/M/14/39	Dianalisis
15.	Saréréa ka Arafah nya Ngajugjug ( <i>Pangkur</i> )	SKANN/P/15/42	Dianalisis
16.	Bagéa Ieu Téh Mina ( <i>Durma</i> )	BITM/D/16/45	Teu Dianalisis
17.	Lampahna Nabi Ibrahim ( <i>Maskumambang</i> )	LNID/17/47	Dianalisis
18.	Lalampahan di Jamarah ( <i>Durma</i> )	LDJ/D/18/49	Dianalisis
19.	Pulangkeun Abdi ka Kabah ( <i>Kinanti</i> )	PAKK/K/19/51	Teu Dianalisis
20.	Tampi Baé Saé Awon ( <i>Wirangong</i> )	TBSA/W/20/54	Dianalisis
21.	Seja Jarah ka Madinah ( <i>Asmarandana</i> )	SJKM/A/21/57	Teu Dianalisis
22.	Nya Ieu Masjid Nabawi ( <i>Sinom</i> )	NIMN/S/22/61	Teu Dianalisis
23.	Assalamuala'ék Ya Nabi ( <i>Mijil</i> )	AYN/M/23/65	Teu Dianalisis

24.	Madinah Al Munawwarah ( <i>Kinanti</i> )	MAM/K/24/67	Teu Dianalisis
25.	Lampah Jamaah Balanja ( <i>Balakbak</i> )	LJB/B/25/69	Dianalisis
26.	Madinah Jédah Jakarta Bandung ( <i>Asmarandana</i> )	MJJB/A/26/71	Teu Dianalisis
27.	Harita Ngemasan Pati ( <i>Kinanti</i> )	HNP/K/27/74	Teu Dianalisis

### 3.5.2 Sumber Data

Nurutkeun Arikunto (2013, kc. 172) sumber data mangrupa objék atawa jéjér data nu bisa dikumpulkeun dina prosés panalungtikan. Sumber data dina panalungtikan ieu nyaéta buku *Guguritan Mungghah Haji* karya Yus Rusyana anu mangrupa koléksi di Pabukon Dosén Pendidikan Bahasa Sunda Chye Retty Isnendes. Buku anu dimedalkeun ku Geger Sunten 1995, kandelna 76 kaca.

#### 3.5.2.1 Buku *Guguritan Mungghah Haji* Karya Yus Rusyana

Anapon data dina ieu panalungtikan nyaéta buku anu judulna *Guguritan Mungghah Haji* karya Yus Rusyana, kalayan idéntitas:

Judul Buku : *Guguritan Mungghah Haji*  
Pangarang : Yus Rusyana  
Penerbit : CV Geger Sunten Bandung  
Taun Terbit : Désémber 1995  
Kandel Buku : 76 Kaca  
Ukuran Buku : 14 x 20 cm



**Gambar 3.1**

Dina jilid buku karya sastra ilaharna sok aya ilustrasi nu aya patalina jeung judul atawa carita dina eusi bukuna. Kitu ogé, dina ieu buku *Guguritan Mungghah Haji* ilustrasina mangrupa foto anu maké baju setélan ibadah haji. Ari jilid tukangna polos warna bodas aya foto jeung biografi singget pangarang.

Dina kaca kahiji aya judul, dina kaca kadua aya cutatan tawis pangbaktos kanggo Pangersa Ajengan Kiai Haji Amami di Kaum Pameungpeuk Garut. Kaca katilu aya tulisan pangarang, judul jeung penerbit buku. Dina kaca kaopat aya

idéntitas buku jeung aya foto pangarang sareng istrina nyaéta Ami raksanagara, dipotrét ku putrana nu cikal, wastana Galih Rakasiwi.

Kaca kalima, aya pihatur nu eusina medar ngeunaan ngahaturkeun puji ka Allah lantaran dibéré kasempetan pikeun ibadah haji ka tanah suci anu ditulis langsung ku anjeunna dina taun 1995. Ari dina kaca kagenep aya daftar eusi buku. Kaca katujuh nepi a kaca 76 ditulis guguritan nu jumlahna aya 27 judul guguritan.

### 3.5.2.1 Biografi Singget Pangarang



Yus Rusyana lahir di Pameungpeuk Garut, 24 Maret 1938. Nyorang atikan di Sakola Rakyat Pameungpeuk (1946-1952), Sakola Guru Bawah Negeri Garut (1952-1955), Sakola Guru atas Negeri I Bandung (1955-1958), Fakultas Keguruan Sastra dan Seni IKIP Bandung (1958-1964), Program Pascasarjana Fakultas Sastra Universitas Léiden, Belanda (1971-1973), sarta ngayakeun promosi di Fakultas Sastra Universitas Indonésia, Jakarta, ngahontal gelar doktor ilmu-ilmu Sastra hususna Ilmu Linguistik (1975).

Cekel Gawé di Fakultas Pendidikan Bahasa dan Seni IKIP Bandung, ti taun 1962, sarta dina taun 1988 diangkat jadi guru besar. Kungsi Jadi Dékan FKSS IKIP Bandung (1977-1978) jeung pingpinan Proyék Penelitian Bahasa dan Sastra Indonésia dan Daérah di Jawa Barat, Departemén P&K (1976-1979), jeung tepi ka kiwari (1992) jadi Asistén Diréktur I Program Pascasarjana IKIP Bandung. Jadi Ketua Umum Paguyuban Pangarang Sastra Sunda (1975-1978) jeung jadi anggota Panitia Tarjamah Al-Qur'an dina basa Sunda (1974-1978) katut anggota Panitia Tafsir Al-Qur'an dina basa Sunda (ti mimiti 1980).

Dina buku *Guguritan MunggaH Haji* dimuat karya Yus Rusyana anu mangrupa guguritan, anu husus disusun pikeun ieu kumpulan, henteu kungsi dimuat dina majalah saméméhna. Dina taun 70-an geus réa ngumumkeun guguritan anu

geus medal dina buku Puisi Guguritan Sunda (karya babarengan jeung Ami Raksanagara, dikaluarkeun ku Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa, Departemén Pendidikan dan Kebudayaan, Jakarta, 1980).

Lian tina nulis karya sastra, nyieun ulikan perkara basa jeung sastra Sunda, diantarana nu dibukukeun *Novel Sunda Sebelum Perang* (Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa, Jakarta, 1979), jeung nyusun buku pangajaran upamana *Panyungsi Sastra* (Gunung Larang, 1978, jst., Rahmat Cijulang, 1992).

### **3.6 Prosedur Panalungtikan**

Ieu panalungtikan dimimitian ku ngaidéntifikasi masalah, nangtukeun kasang tukang, rumusan masalah, sarta métode panalungtikan anu dijadikeun bahan dina ieu panalungtikan.

Sanggeus meunangkeun sababaraha masalah, tuluy aya prosés ngumpulkeun data. Dina ieu panalungtikan téknik anu dipaké nya éta studi pustaka. Hasil analisis tuluy didéskripsikeun jeung dicindekkeun, pamungkas dijieun bahan ajar pikeun pangajaran maca guguritan di kelas VIII SMP.